

FICH ENFÒMASYON ANTRAKNOZ SOU PIMAN DOUS

D. Roberts, K. L. Pernezny, and T. A. Kucharek¹
Joubert Fayette ak Margareth Divers² te adapte dokiman sa

Entwodiksyon

Antraknoz sou piman dous la ka yon pwoblèm serye pou pwodiktè yo. Maladi a parèt lè inokilòm ak kondisyon meteyowolojik yo ideyal, tankou tan chalè ak lapli ki tonbe souvan. Antraknoz la ka lakòz gwo domaj sou fwi mi yo (wouj, jòn ousnon oranj), ki fè anpil piman dous ki pèdi.



Fig 1. fwi mi kote w wè anpil lezyon

Patojèn

Antraknoz la se yon seri chanpyon nan jan *Colletotrichum*, ki se yon gwoup ajan patojèn trè komen ki pwovoke maladi kay anpil espès plant nan mond lan, ki alabaz li. Idantifikasyon l kay yon espès jeneralman baze sou plis pase yon karakteristik, tankou fòm (aparans fizik) ak patojenisite sou ot la oubyen sou ot yo, e pi resan la a, gras ak analiz molekilè. Anpil espès *Colletotrichum* enfekte plis pase yon ot, lèfini tou, plizyè espès *Colletotrichum* ka sou yon menm ot.



Fig 2. Lezyon Antraknoz genyen mas spò (fòm bag) ki gen koulè somon.

Colletotrichum gloeosporioides ak *Colletotrichum acutatum* toulède pwovoke antraknoz nan zòn kilti piman dous yo (Harp, 2008; Lewis-Ivey, 2004). Lòt bagay enteresan, yo jwenn *C. gloeosporioides* a nan fwi ki mi yo, poutan se nan lezyon fwi ki imati yo yo idantifye *C. acutatum* (Harp et al. 2008). Sou fwi imati yo, yo rele maladi *C. acutatum* lakòz la «antraknoz prekòs», pou yo ka distenge l de fòm antraknoz *C. gloeosporioides* pwovoke sou fwi mi yo.

¹P.D. Roberts, pwofesè, UF/IFAS, Southwest Florida Research and Education Center; K. L. Pernezny, pwofesè emerit, UF/IFAS Everglades REC; ak T. A. Kucharek, pwofesè emerit, Depatman plant patoloji; UF/IFAS Extension, Gainesville, FL 32611

²Dokiman #PP-178, ki pwodui pa UF/IFAS electronic data information source (EDIS), te tradui epi adapte pa Joubert Fayette ak Margarethe Divers. Joubert Fayette, Ph.D., fè pati de ekip kap pilote pwogram rechèch Fitipatoloji nan pwogram Appui à la Recherche et au Développement Agricole (AREA), Feed the Future, Haïti. Margarethe Divers se assistant rechèch nan pwojè AREA.

Sentòm

Colletotrichum nan kapab pwovoke maladi sou prèske tout pati nan pye piman dous la, kèlkilanswa estad kwasans plant lan. Sepandan, lezyon fwi yo se aspè ki pi enpòtan nan maladi sa sou plan ekonomik. Lezyon fwi yo koumanse tankou lezyon akez ki vini mòl, pi fon, epi pi fonsè. Lezyon yo ka kouvri pi gwo pati sifas fwi a epi anpil lezyon fèt (Fig 1). Sifas lezyon an kouvri ak spò transparan imid ki sòti nan lè chanpiyon koulè somon (acervuli) ki gen pil pikan nwa (soies) (Fig 2). Wonn konsantrik chanpiyon acervuli yo fasil pou jwenn nan tach fwi yo. Gendelè, lezyon yo pa oranj, yo mawon, apres a yo vin nwa akòz “soies” ak sklewòt (estrikti nwa ki fè chanpiyon yo siviv) yo k ap fòme (Fig 3).




Fig 3. Spò *Collectotrichum* ki sòti nan yon fwi ki enfekte pa yon chanpiyon (acervulus) ak anpil pikan nwa (setae).

Sik maladi a ak epidemyoloji

Ajan patojèn nan siviv nan ak sou grenn yo. Antraknoz la antre sou teren an lè gen transplantasyon enfekte kote l ka siviv yon sezon pou rive nan yon lòt nan debri vejetal yo oubyen sou de plant ot adventis. Plant ot altènatif yo pa fin idantifye tankou plant ki pwodui natirèlman nan chan nèt, men yo genyen tou pwobableman kèk move zèb ak kèk lòt plant solanase.

Fwi yo enfekte lè spò chanpiyon yo oubyen lapli eklabouse, debri enfeste yo sou plan piman dous yo. Gen lòt spò ki pwodui nan tisi enfekte a, apres a yo gaye nan lòt fwi. Moun k ap travay yo ka gaye spò yo tou ak materyèl y ap itilize yo oubyen lè y ap manipile plant enfekte yo.

Enfeksyon an parèt jeneralman nan tan cho ak imid. Tanperati otou 27°C yo se de tanperati optimal pou devlopman maladi a, byenke enfeksyon an ka fèt nan tanperati ki pi wo oubyen pi ba. Gen gwo pèt ki fèt nan tan lapli, paske spò yo lave oubyen eklabouse sou lòt fwi. Sa ki fè gen plis enfeksyon toujou. Si *C. gloeosporioides* la a, maladi a ka plis devlope sou fwi mi ki nan plant lan pandan yon bon tatan. Antraknoz la ka pwodui sou fwi imati ak sa k mi yo.

Kontwòl

Kontwòl maladi a pase pa teknik jesyon entegre yo. Maladi a pa dwe entwodui sou plant ki gentan gen yon enfeksyon deja. Si l posib, plante sèlman semans ki pa gen kenn ajan patojèn. Grèf yo dwe kenbe pwòp nan kontwòl move zèb ak solanase ki ka pot maladi a, nan anviwon kay transplantasyon yo. Chan dwe byen drene epi netwaye tout debri plant ki enfekte yo. Si maladi a te gentan la, yo dwe sispann plante solanase sou teren an pandan 2 zan pou pi piti. Pratik asenisman yo sou teren an gen ladan yo lit kont move zèb yo ak plan piman dous ki ka resevwa ajan patojèn yo.

Gen kèk semans piman ki ka reziste ak maladi a, men piman dous yo pa ladann. Pou pwodwi piman dous yo, yon varyete ki mete fwi sou on peryòd matirasyon pi kout ka pèmèt chanpiyon pa enfekte fwi a. Blesi ensèk oubyen lòt bagay pwodui sou fwi yo dwe redwi toutan sa posib, paske yo pèmèt *Colletotrichum spp.* ak lòt ajan patojèn tankou bakteri ki reskonsab pouriti mòl yo devlope.

Aplikasyon fonjisid ka nesèsè pou lite kont maladi a. Nan fen sezon an, debri kilti yo dwe detwi pou redwi ajan k ap siviv ant kilti yo.